*Tolepov Ernazar Tangatar ulı*
*"Geografiya" kafedrası assistent oqıtıwshısı*
*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*

*Genjemuratova Uldawlet Turdımurat qızı*
*Bozataw rayonı 5-sanlı mektep oqıtıwshısı*
*Ájiniyaz atındağı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı magistrantı*

# ULÍWMA ORTA BILIM BERIW MEKTEPLERINDE EKONOMIKALÍQ PÁNLERDI OQÍTÍWDA INTERAKTIV METODLARDAN PAYDALANIWDIŃ ÓZINE TÁNLIGI

**Annotaciya:** Interaktiv metodlar bilim beriw procesinde oqıtıwshı hám oqıwshılar ortasındağı jedel birge islesiwdi támiyinlep, oqıwshılardıń bilimlerdi tez hám nátiyjeli ózlestiriwine xızmet etedi. Bul metodlar oqıwshılardıń erkin pikirlewin hám de jeke qábiletlerin rawajlandırıwğa keń imkaniyat jaratadı. Bul maqalada ekonomikalıq pánler sabaqlarında nátiyjeli qollanılıwı múmkin bolgan interaktiv metodlar kórsetip beriledi.

**Tayanısh sózler:** ekonomika, metod, interaktiv, bilim, kónlikpe, tájiriybe, pedagogikalıq texnologiya, nátiyjelilik.

***Толепов Ерназар Тангатар улы***
***ассистент преподаватель кафедры "География"***
***Нукусский государственный педагогический институт имени Ажинияза***

***Генжемуратова Улдаулет Турдымурат кызы***
***учительница школы №5 Бозатауского района***
***магистрант Нукусского государственного педагогического института имени Ажинияза***

# ОСОБЕННОСТИ ИСПОЛЬЗОВАНИЯ ИНТЕРАКТИВНЫХ МЕТОДОВ В ПРЕПОДАВАНИИ ЭКОНОМИЧЕСКИХ НАУК В ОБЩЕОБРАЗОВАТЕЛЬНЫХ ШКОЛАХ.

**Аннотация:** Интерактивные методы обеспечивают активное сотрудничество между учителем и учащимися в процессе обучения и служат

для быстрого и эффективного усвоения знаний учащимися. Эти методы создают широкие возможности для развития самостоятельного мышления, инициативы и личностных способностей учащихся. В данной статье рассматриваются интерактивные методы, которые могут быть эффективно применены на уроках экономических наук.

**Ключевые слова:** экономика, метод, интерактив, знания, навыки, опыт, педагогические технологии, результат.

**Kirisiw**

Búgingi globallasıw hám sanlı ekonomika shárayatında bilimlendiriw sistemasın túp-tiykarınan reformalaw, onı zamanagóy talaplar tiykarında rawajlandırıw mámleketlik siyasattıń tiykarǵı baǵdarlarınan biri esaplanadı. Ásirese, Ózbekstan Respublikasında ulıwma orta bilim beriw mekteplerin zaman talapları tiykarında jańalaw, bilimlendiriwdiń sapasın arttırıw hám ósip kiyatırǵan jas áwladtı ruwxıy-ádep-ikramlılıq hám intellektuallıq jaqtan bárkamal shaxs sıpatında tárbiyalaw úlken áhmiyetke iye bolmaqta.

Usı kózqarastan, oqıw-tárbiya procesin sapa jaǵınan jańa basqıshqa kóteriw, bilimlendiriw procesine innovaciyalıq túr hám usıllardı engiziw, pedagogikalıq tarawlarda aldıńǵı sırt el tájiriybelerin qollanıw áhmiyetli wazıypalardan biri sıpatında qaralmaqta. Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2018-jıl 5-sentyabrdegi “Xalıq tálimin basqarıw sistemasın jetilistiriw boyınsha qosımsha is-ilájlar haqqında”ǵı PP-5538-sanlı Pármanında[1] ulıwma orta hám mektepten tısqarı bilimlendiriw sistemasın basqarıwdıń zamanagóy mexanizmlerin engiziw, bilimlendiriw mákemeleriniń jumıs nátiyjeliligin arttırıw, pedagog kadrlardıń kásiplik kompetenciyaların rawajlandırıw hám bilimlendiriw procesinde innovaciyalıq kózqaraslardı keńnen engiziw wazıypaları belgilep berilgen.

Usı Pármannıń talaplarınan kelip shıqqan halda, bilimlendiriw procesin innovaciyalıq kózqaraslar tiykarında shólkemlestiriw, oqıwshılardıń erkin pikirlew, dóretiwshilik hám sın kózqarastan pikirlewdi rawajlandırıwǵa baǵdarlanǵan

nátiyjeli pedagogikalıq texnologiyalardı engiziw ilimiy-pedagogikalıq izertlewlerdiń áhmietli bağdarlarınan biri bolıp qalmaqta.

**Tiykarğı bólim**

Hár bir insan ómirinde ekonomika áhmiyetli orın tutar eken, tábiyiy hár bir insannan ekonomikalıq pikirlewdi úyreniw talap etiledi. Bazar ekonomikası sharayatında bul talap jáne de kúsheyip barmaqta. Jaslarımızdıń ekonomikalıq sawatlılığın arttırıw ushın elimizde ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde "Ekonomikalıq bilim tiykarları" hám "Isbilermenlik tiykarları" pánleri oqıtılıp kelinbekte. Barlıq tarawlarğa innovaciyalıq ideyalar, pikirler kirip kelmekte. Pánler sistemasındağı jańalıqlar, sabaq ótiwdiń jańa usılları, jańa pedagogikalıq texnologiyalar arqalı sabaq procesiniń sapası, mazmunı hám qızıqlılığı oqıwshılardıń da itibarın tartpaqta. Házirgi kúnde mámleketimizdiń barlıq mekteplerinde óz jumısın alıp barıp atırğan muğallimler zamanagóy oqıtıw metodların basqıshpa-basqısh jaratıp, sabaqlardı shólkemlestiriwde túrli interaktiv usıllardan paydalanıp kelmekte.

Oqıtıwdıń zamanagóy metodların qollanıw oqıtıw procesinde joqarı nátiyjelilikke erisiwge alıp keledi. Bul metodlardı hár bir sabaqtıń didaktikalıq wazıypasınan kelip shığıp tańlaw maqsetke muwapıq boladı. Dástúriy sabaq túrin saqlap qalğan halda onı bilim alıwshılardıń jumısın aktivlestiretuğın hár qıylı metodlar menen bayıtıw, bilim alıwshılardıń ózlestiriw dárejesiniń ósiwine alıp keledi.

Interaktiv metodlardı qollanıwda eń tiykarğı roldi muğallimniń ózi atqaradı. Bir qatar rawajlanğan mámleketlerde tálim-tárbiya procesiniń nátiyjeliligine kepillik beretuğın zamanagóy pedagogikalıq texnologiyalardı qollanıw boyınsha úlken tájiriybe tiykarların payda etiwshi metodlar interaktiv metodlar atı menen atalıp kelmekte. Interaktiv metodlar házirgi waqıtta eń kóp tarqalgan hám barlıq túrdegi bilimlendiriw tarawlarında keń qollanılıp atırgan metodlardan esaplanadı. Sonıń menen birge, interaktiv metodlardıń túrleri kóp bolıp, tálim-tárbiya

procesiniń derlik barlıq wazıypaların ámelge asırıw maqsetleri ushın sáykesleri házirgi waqıtta ámelde qollanılıp kelinbekte. Innovaciyalıq texnologiyalar pedagogikalıq process hám de muǵallim hám oqıwshı ortasında jańalıq, ózgerisler kirgiziw bolıp, onı ámelge asırıwda tiykarınan interaktiv metodlardan paydalanıladı.

Ulıwma orta bilim beriw mekteplerinde "Ekonomikalıq bilim tiykarları" hám "Isbilermenlik tiykarları" páni oqıwshılarǵa talap hám usınıs nızamı, óndiris hám onıń faktorları, tutınıwshılardıń dáramatları hám qárejetleri, ekonomikalıq qarar qabıl etiw, isbilermenliktiń mazmun-mánisi, jeke tártiptegi isbilermenlik, mikrofirma hám kishi kárxanalar, salıqlar haqqında, marketing haqqında, miynet resursları, bank kreditleri hám basqa tiykarǵi túsinikler úyretip barıladı. Bul oqıwshılarǵa ekonomikanıń qalay islewin, bazarǵa qanday faktorlar tásir etiwin hám turmısta qanday ekonomikalıq qararlar qabıl etiwin túsiniwge, byudjetti basqarıw, procentlerdi túsiniw, kredit hám investiciyalar sıyaqlı turmıstıń finanslıq táreplerin túsinip barıwına járdem beredi. Bul kónlikpeler jaslarımız qaysı tarawdı iyelese de, keleshekte qıyın ekonomikalıq jaǵdaylardı túsiniwge járdem beretuǵın qararlar qabıl etiw hám tabıslı finanslıq turmıs keshiriw ushın júdá áhmiyetli. Sonıń ushın "Ekonomikalıq bilim tiykarları" hám "Isbilermenlik tiykarları" pánlerin interaktiv metodlar hám texnologiyalardan paydalanǵan halda hár bir temaǵa sapalı tárizde bilim berip barıw oqıwshılarǵa tez hám ańsat túsiniwine imkaniyat jaratadı.

Bunda, pánge sáykes kóplegen metodlardan paydalanıw múmkin. Ásirese, rolli oyınlar metodınan paydalanılsa maqsetke muwapıq boladı. Bunda oqıwshılar isbilermen, tutınıwshı yamasa mámleketlik xızmetker rollerin atqarıwı múmkin. Rolli oyınlar metodınan paydalanıwda "Ayırbaslaw hám pul", "Sheklengenlik mashqalası", "Bazar qatnasıwshıları", "Isbilermenlik", "Firmanı basqarıw-menedjment", "Marketing", "Jeke tártiptegi isbilermenlik" hám basqa da temalardı mısal retinde keltiriw múmkin. Temalar álbette real turmısqa baylanıslı

bolıwı kerek. Rol arqalı oqıwshılar ózleriniń keleshektegi iskerligin kóz aldına keltiredi. Bul metod sabaq dawamında qısqa waqıt ishinde temanı nátiyjeli ózlestiriwlerine alıp keledi. Baqlap otırǵan oqıwshılar sabaqtan keyin tema ústinde talqılawlar alıp barıwı ushın ayırım máselelerdi juwapsız qaldırıw hám tapsırma sıpatında beriw de múmkin. Bul metodta oqıwshılar tómendegi bilim hám kónlikpelerge iye boladı: óndiriske baylanıslı máseleler túsiniklerine iye boladı, qánigeliklerin asıradı; jaǵdaylar boyınsha óz betinshe qararlar qabıl etiw hám óz pikirlerin ayta alıw qábiletine iye boladı; jaǵdaydı talqılawdı úyrenedi; jaǵdaydan shıǵıw rejesi hám strategiyasın islep shıǵıwdi úyrenedi.

Interaktiv bilim beriw procesinde oqıw iskerligi individual, juplıq hám kishi toparlar tiykarında sistemalı túrde shólkemlestiriledi. Bunda oqıwshılardıń bilimlendiriw procesindegi belsendiligi, erkin pikirlew qábileti hám birgelikte islew kónlikpelerin rawajlandırıwǵa ayrıqsha itibar qaratıladı. Bilimlendiriw nátiyjeliligin arttırıw maqsetinde oqıw procesinde zamanagóy interaktiv metodlardan paydalanıladı. Atap aytqanda, “Vertushka”, “Akvarium”, “Aqılıy hújim” metodları oqıwshılardıń sın kózqarastan hám dóretiwshilik pikirlewin rawajlandırıw, sóylesiw mádeniyatın qáliplestiriw hám de jámáátlik jumıstı nátiyjeli shólkemlestiriwge xızmet etedi.

“Vertushka” metodında toparlarǵa material tarqatıladı hám Hár bir topar jeke tártipte durıs juwaplardı jazıp belgileydi. Keyin bul materiallar toparlarǵa aralastırılıp beriledi, jáne belgilenedi. Toparlar sanına qarap aylanǵannan keyin muǵallim hám oqıwshılar menen birgelikte durıs juwap belgilenedi. Alıp barıw texnologiyası: Bul metodtı alıp barıw ushın A4 formattaǵı aq qaǵaz hám temaǵa tiyisli kórgizbeli qurallar kerek boladı. Oqıwshılar úsh toparǵa ajıratıladı, A4 formattaǵı qagazǵa 8-klass “Ekonomikalıq bilim tiykarları” páninen “sheklengenlik mashqalası” temasınan sorawlar jazıladı: mútájlik; ekonomikalıq resurslar; ekonomikalıq ónimler; sheklengenlik mashqalası. Bulardıń hámmesine topar aǵzaları másláhátlesip durıs juwaplardı jazıp belgilep beredi, keyin bul sorawlar

basqa toparlarǵa almastırılıp berilip topar aǵzaları óz pikirlerin jazıp belgilep beredi. Eń aqırında muǵallim menen birgelikte bul sorawlardıń anıq durıs juwapları belgilenedi hám topar aǵzaları bahalanadı.

“Akvarium” - bilim beriw procesinde bul texnologiyanı qollanıwdan maqset oqıwshını belgili bir mashqala boyınsha pikirlew, óz pikirin bildiriw, mashqalanı sherigi menen birgelikte talqılawǵa úyretiwden ibarat. Metodtı qollanıwda tómendegi shólkemlestiriwshilik háreketler quraydı:[2]

Klasta stullardan ibarat eki sheńber shólkemlestiriledi;
1-sheńber sırtqa, 2-sheńber bolsa ishke qarap jaylastırıladı.

Oqıwshılar eki toparǵa bólinip, 1-topar stullar sırtqa qaratıp qoyılǵan sheńberde, 2-topar bolsa stullar ishke qaratıp qoyılǵan sheńberden orın aladı.

1-topar (sırtqı sheńber) daǵılar “Analizlewshiler” 2-topar (ishki stullar) daǵılar “Baqlawshılar” rolin atqaradı.

SHAPE * MERGEFORMAT

Sırtqı sheńberdegi oqıwshılarǵa talqılaw ushın soraw beriledi.
Mısalı: Ne ushın ayırım bazarlarda monopoliya júzege keledi?
Awıl xojalıǵında hám qalalarda jasap atırǵan shańaraqlardıń mútájlikleriniń hár qıylı bolıwınıń sebepleri.

SHAPE * MERGEFORMAT

Oqıwshılar oylap alǵannan keyin sorawdı shep tárepte otırǵan sherigi menen 1-2 minut talqılaydı.

SHAPE * MERGEFORMAT

*Metodtı qollanıw tártibi tómendegishe:*

SHAPE * MERGEFORMAT

Oqıtıwshınıń kórsetpesi menen "analizshiler" (sırtqı sheńberdegiler) bir orın shetke ısırılıp, sol sorawdı jańa sherigi menen talqılaydı.

SHAPE * MERGEFORMAT

"Analizlewshiler" orın almastırıwda 1-sheriklerine jaqınlasqansha yamasa jańa sherikler bolǵansha sorawdı analizlewdi dawam ettiredi.

SHAPE * MERGEFORMAT

Túsindirme: Analizlewshilerdiń tiykarǵı wazıypası soraw haqqında talqılawdı dawam ettiriw, baqlawshılardıń tiykarǵi wazıypası bolsa 1-topar (Analizlewshiler) jumısların baqlap bahalawdan ibarat.

“Aqılıy hújim” metodı járdeminde orınlanǵan shınıǵıwlar procesinde qálegen mashqalalarǵa qaray bir neshe original sheshimlerdi tabıw imkaniyatı payda boladı. Bul metod tańlanǵan temalar sheńberinde tiykarǵı túsiniklerdi anıqlaw, bar ideyalardı analizlew hám eń maqul variantlardı tańlap alıw ushın qolaylı sharayat jaratadı.

Mısal ushın, bul aqlıy hújim metodinan “Ekonomikalıq bilim tiykarları” hám “Isbilermenlik tiykarları” pánleriniń barlıq temalarında paydalanıw múmkin. Ekonomikalıq bilim tiykarları páninde “Jalpı dáramat”, “Payda hám ziyan” temasına mısal keltirip tómendegilerdi kóriwimiz múmkin:

- payda menen dáramattıń qanday parqı bar?
- paydanıń isbilermenlik ushın áhmiyetin kórsetiwshi eki faktordı aytıń?
- firmanıń ekonomikalıq jaǵdayın nelerden biliwimiz múmkin?
- tovar bahasın túsirip te paydanı kóbeytiw múmkin be?
- firma paydası qanday maqsetlerde paydalanıladı? sıyaqlı sorawlardı bersek, olardı sabaq waqtında berilgen sorawlarǵa oylanıwǵa shaqırǵan bolamız. Demek, “Ekonomikalıq bilim tiykarları” hám “Isbilermenlik tiykarları” sabaqlarında bul metod arqalı temanı jáne de bekkemlewge erisken bolamız.

**Juwmaqlaw**

Juwmaqlap aytqanda, sabaq ótiw procesinde bilim beriwdiń interaktiv metodlarınan ónimli paydalanıw, ótilgen materiallardı jaqsı eslep qalıwǵa, óz betinshe pikirley alatuǵın oqıwshınıń qáliplesiwine járdem beredi. Oqıwshılar interaktiv metodlar járdeminde ekonomikada júz beretuǵın real proceslerdi túsinip baradı. Interaktiv metodlardıń tiykarǵı abzallıǵı sonda - teoriyalıq bilimlerdi ámeliyatta qollanıw qábiletine iye boladı. Ekonomikalıq pánlerde interaktiv metodlardan paydalanıw házirgi waqıtta keń tarqalǵan bolıp, bul metodlar oqıwshılardıń óz ústinde islewine, durıs pikirlewine, keleshekte turmısta durıs ekonomikalıq qararlar qabıl etiwine járdem beredi.

**Adabiyotlar**

O‘zbekiston Respublikasi Prezidentining 2018-yil 5-sentabrdagi “Xalq ta’limini boshqarish tizimini takomillashtirish bo‘yicha qo‘shimcha chora-tadbirlar to‘g‘risida”gi PF-5538-son Farmoni

1. Interfaol metodlar: mohiyati va qo’llanilishi \ Metodik qo’llanma. D.Ro’zieva, M.Usmonboyeva, Z.Xolipova. – Toshkent: Nizomiy nomidagi TDPU nashriyoti, 2013 y.
2. U.Q.Tolipov, M.Usmonboeva – Pedagogik texnologiyalarning tatbiqiy asoslari. «Fan» 2006 y.
3. Nizomiy nomidagi TDPU. Interfaol metodlar: mohiyati va qo’llanilishi. (metodik qo’llanma) 2013-y.